



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PRAL DEKLARE ETA IJANS ANVAN PREVIZYON NÈJ EFÈ LAK ENTANS POU KÈK PÒSYON NAN REJYON NÒ NEW YORK

Yo prevwa plizyè pye nèj nan zòn Buffalo ak Watertown apati mèkredi aswè epi kontinye jiska dimanch

Tanpèt prevwa lakoz kondisyon vwayaj danjre ak potansyèl blakawout akòz nèj, lapli glase ak rafal van

Yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo evite vwayaj ki pa nesesè jedi aswè jiska vandredi nan zòn Buffalo ak Watertown akòz kondisyon danjere yo

Apati 4 p.m. jedi, tout trafik komèsyal entèdi sou NYS Thruway (I-90) apati Sòti 46 (Rochester - I-390) rive nan Sòti 61 (Ripley - Shortman Rd)

Yo mande ajans eta yo pou prepare resous pou repons an ijans yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a anonse plan li genyen pou l pibliye yon Eta Dijans Jedi maten anvan yon tanpèt ivènal yo prevwa k ap afekte kèk pati nan nò New York ak nèj efè lak entans jiska dimanch. Yo prevwa nèj ki pi enpòtan nan jedi ak vandredi ak akimilasyon jiska twa pye nèj posib nan zòn Buffalo ak jiska de pye nèj posib nan zòn Watertown, ak pousantaj nèj ki ka tonbe nan nivo twa pous pa èdtan. Kondisyon vwayaj danjere ak blakawout lokal akòz tanpèt la gen anpil chans akòz konbinezon nèj, glas ak van nan previzyon an. Gouvènè Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete vijilan epi evite vwayaj ki pa nesesè nan zòn Buffalo ak Watertown nan aswè jedi jiska Vandredi.

"Kèk pati nan Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral ak North Country pral jwenn premye tanpèt nèj yo nan sezon an, sa vle di nou bezwen tout moun nan rejyon ki afekte yo pou yo pare pou kondisyon vwayaj danjere yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekip mwen an ak mwen ap deplwaye resous repons pou ijans anvan tanpèt la, nou rete an kontak konstan ak ofisyèl lokal yo, epi yo konsantre sou previzyon an. Nouyòkè yo ta dwe rete vijilan avan tanpèt la epi evite nenpòt vwayaj ki pa nesesè pandan kondisyon danjere sa yo."

Avètisman Nèj Efè Lak ak Alèt Tanpèt Ivènal yo anvigè apati mèkredi maten e yo kontinye jiska dimanch aswè pou plizyè konte nan rejyon Lwès New York, Finger Lakes,

New York Santral ak North Country. Apati mèkredi, previzyon Sèvis Meteyo Nasyonal la prevwa plizyè pye nèj pandan tanpèt sa a.

Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak avètisman meteyowolojik yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Meteyowolojik Nasyonal la nan zòn ou an.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Malgre tan ki anòmalman cho nan dènye tan sa a, ivè a rive atravè nò New York. Pa souzèstime tanpèt sa a. Nou prevwa nèj la ap entans pafwa pou kreye kondisyon danjere, ak gwo akimilasyon k ap rive pandan evènman an. Kounye a se moman pou w prepare w epi w gen yon plan. Nouyòkè ki nan zòn ki afekte a ki dwe vwayaje pita nan semèn sa a, ta dwe ale dousman epi kreye plis tan pou vwayaj ou. Epi nou tout ta dwe tcheke vwazen nou yo, sitou vwazen vilnerab yo, pou ede yo prepare pou move tan ivènal nan previzyon an."

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo

Sant Operasyon Ijans Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la ap kontwòle tan ak kondisyon vwayaj yo, epi kominike ak gouvènman lokal yo anvan evènman an.

Sant Operasyon Ijans Biwo Eta pou Jesyon Ijans lan pral aktive jedi epi rezèv Eta a prepare pou deplwaye resous nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la.

Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta a pral prepare veyikil, UTVs ak ekipman pou deplwaman epi yo pral reponn demann èd mityèl, jan sa nesesè.

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a ap prepare pou li entèvni avèk 3,287 sipèvizè ak operatè. Anplwaye yo ka konfigirasyon nan nenpòt kalite ekip repons ki nesesè, tankou operasyon nèj ak glas, drenaj, dechiktez, chajman ak transpò, koup ak lans. Anplis de sa, 75 manm pèsònèl Sistèm Kòmanman Ensidan an disponib pou sipòte evènman k ap vini yo.

Pou sipòte repons nèj efè lak nan zòn kritik yo, yon total de 60 anplwaye ki gen ladan 50 operatè/sipèvizè kamyon chasnèj, sis enstriktè operatè ekipman ak kat mekanisyon flòt nan lòt rejyon yo ki pral deplwaye nan mèkredi. Yo te distribiye yo konsa:

- Western NY:

-Resevwa 40 operatè/sipèvizè chasnèj, de enstriktè operatè ekipman ak kat mekanisyon flòt.

-Finger Lakes:

- Resevwa sèt operatè chari ak de enstriktè operatè ekipman

- North Country:

- Resevwa twa operatè chasnèj ak de enstriktè operatè ekipman

Tout resous ki soti nan rejyon an pral anplas nan mèkredi apremidi oswa aswè. Yo pral re-evalye bezwen plis resous jan kondisyon yo mande pandan tout dire evènman an.

Tout lokal rezidansyèl yo pral kontinye gen anplwaye sou plas pou yo ka fonksyone 24/24, 7/7 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo. Tout ekipman ki disponib pou nèj ak glas yo pare pou deplwaye. Flòt Mekanik nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1522 gwo kamyon chasnèj
- 140 chasnèj mwayen
- 50 remòk chasnèj
- 329 gwo chajè
- 38 aparèy pou soufle nèj

Depatman Transpò Eta a ap aplike yon entèdiksyon veyikil total pou veyikil komèsyal nan lokal sa yo apati jedi a 4 p.m.

- Interstate 190 - Route 62 rive I-90
- Interstate 290 - tout longè
- Interstate 990 - tout longè
- Route 33 - tout longè
- Route 219 - Route 39 rive I-90
- Route 400 - tout longè
- Buffalo Skyway Route 5 - tout longè
- I-81 - Sòti 33 rive nan fwontyè Kanadyen - kamyon yo itilize liy dwat sèlman

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon ak vwayaj yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la. Sistèm sou entènèt la ak aplikasyon mobil la gen ladan yon kat wout eta a, ki endike ki wout ki gen kondisyon nèj ak ki kote kondisyon yo nòmal.

Otorite Thruway

Pèsonèl Otorite Thruway la ap siveye ak anpil atansyon previzyon pou tanpèt efè lak k ap vini an epi yo pare pou reponn ak 657 operatè ak sipèvizè nan tout eta a. Thruway ap deplase epi deplwaye anplwaye adisyonèl ak ekipman ki soti nan Divizyon Syracuse ak New York li yo pou sipòte operasyon nèj ak glas nan zòn ki kapab plis frape nan Lwès New York yo. Resous deplwaye yo enkli operatè ak sipèvizè, gwo kamyon chasnèj, ak gwo aparèy pou soufle nèj.

Anplis de sa, Sant Operasyon Ijans Thruway yo pral genyen anplwaye nan Buffalo ak Katye Jeneral pandan tanpèt la pou ede w jere operasyon nèj ak glas, reponn fas ak ensidan sikilasyon yo, jesyon ijans, ak enfòmasyon vwayajè an tan reyèl.

Kantite ekipman ak resous ki genyen nan Thruway la repati konsa:

- 346 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- nèf remòk chasnèj
- 66 chajè
- Plis pase 132,000 tòn sèl disponib

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Apati 4 p.m. jedi, tout sikilasyon komèsyal pral entèdi sou Thruway Eta New York la (I-90) apati Sòti 46 (Rochester - I-390) rive nan fwontyè Pennsylvania. TOUT sikilasyon komèsyal k ap dirije nan direksyon lès sou Thruway la dwe sòti nan sòti 61 (Ripley - Shortman Rd).

Trafik sikilasyon komèsyal k ap dirije direksyon lwès sou Thruway la nan direksyon Pennsylvania soti nan pwen lès, ta dwe itilize sòti 46 (Rochester - I-390) pou I-390 rive I-86 West.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa [imèl TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a. Ou kapab swiv Otorite Thruway Eta New York la sou Twitter: [@ThruwayTraffic](#) a [@NYSThruway](#) ak sou Facebook nan [NYS Thruway Authority](#).

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi y ap siveye sitiyasyon k ap devlope a epi y ap fè patwouy aktivman nan zòn ak enfrastrikti ki afekte pa move tan an. Tout resous disponib yo prè pou ede ak nenpòt entèvansyon ijans.

DEC ap konseye itilizatè nan rejyon andeyò yo pou yo konsyan ak prepare pou kondisyon ivè yo. Sekirite pou randone nan sezon fredyè ak preparasyon yo trè enpòtan kèlkeswa kapasite fizik oswa destinasyon yon randone. Byen prepare pou kondisyon ivè yo esansyèl pou yon eksperyans ki pi agreyab ak pi an sekirite. Gen plis enfòmasyon sou randone pandan ivè a ki disponib [isit la](#).

DEC raple sila yo ki responsab pou netwaye ak jete nèj a gwo echèl pou yo swiv pi bon pratik jesyon yo pou ede redui posibilite pou gen polyan tankou sèl, sab, lwil, fatra oswa lòt debri nan nèj ki afekte kalite dlo a. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizite pak yo dwe tcheke parks.ny.gov oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik

Sèvis piblik New York yo gen apeprè 5,730 travayè ki disponib kounye a nan tout eta a pou patisipe nan evalyasyon domaj, repons, reparasyon, ak efò restorasyon atravè Eta New York, an preparasyon pou dènye sistèm metewolojik la. Nan teritwa sèvis Rezo Nasyonal (National Grid) la nan Lwès New York, yo garanti yon total 230 travayè adisyonèl. Pèsonèl DPS la pral swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Lapolis Eta

Lapolis Eta a ap ajoute patwouy siplemantè nan zòn ki pral gen plis enpak sou nèj efè lak la, epi yo pral mete tou veyikil espesyal adisyonèl, tankou veyikil sèvis piblik ak motonèj, nan rejyon sa yo. Yo pral deplwaye tout veyikil touteren, epi yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans.

Konsèy sou Sekirite Ivè

Deplasman nan sezon ivè

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo paske li ka fè glas la pi vit pase sou wout yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote ou ye.
- Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan ou chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

- Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.
- Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li. Pa janm eseye pase sou yon chasnèj pandan l ap fonksyone.

Jefò Fizik

Gwo jefò fizik yo, tankou pèlte nèj, netwayaj debri oswa pouse yon machin, sa kapab ogmante risk pou yon atak kadyak.

Pou evite pwoblèm:

- Rete nan chalè, abiye avèk rad ki cho epi RALANTI lè y ap travay deyò.
- Repoze souvan pou evite twòp efò fizik.
- Si w santi doulè nan pwatrin, souf kout, oswa doulè nan machwè w k ap gaye nan bra w -- KANPE epi chèche èd imedyatman.

Blakawout yo

- Rele konpayi sèvis piblik ou a pou ou ka konnen orè reparasyon nan zòn nan.
- Etenn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou ou ka evite yon sichaj kouran lè yo repare sèvis la: kite yon limyè limen pou endike lè yo te retabli kouran
- Si chalè a ale pandan yon tanpèt ivènal, kenbe kay la cho lè w fèmen chanm ou pa bezwen yo

Sekirite pou Chofaj

- Sèvi ak sous chalè altènatif ki an sekirite sèlman tankou yon chemine, ti recho a bwa oswa a chabon ki byen ayere oswa aparèy chofaj pòtab
- Toujou Swiv enstwiksyon fabrikan yo
- Lè w ap itilize sous chalè altènatif tankou yon chemine, recho a bwa, elatriye, toujou asire w ke ou gen bon vantilasyon
- Kenbe rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon yo lwen sifas cho yo.
- Gen yon ekstenktè ak detektè lafimen epi asire w yo fonksyone
- Si w itilize aparèy chofaj ki mache ak kewozèn pou konplete gaz chofaj regilye w la, oswa kòm yon sous chalè ijans, swiv konsèy sekirite sa yo:

- Swiv enstwiksyon fabrikan yo
- Sèvi ak gaz ki kòrèk la sèlman pou inite w la
- Remete konbistib deyò sèlman epi lè inite a frèt sèlman.
- Kenbe aparèy chofaj nan yon distans omwen twa pye ak mèb yo lòt eleman konbistib yo.
- Lè w ap itilize aparèy chofaj la, sèvi ak pwoteksyon kont dife epi vantile byen

Pou plis konsèy sekirite, vizite sit <https://dhses.ny.gov/safety>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418